Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңеси

ҚАРАРЫ

2017 жыл 31-декабрь **№ 2/2** **Тақыятас районы**

2018-жыл ушын Тақыятас районының бюджет параметрлерин тастыйықлаў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Бюджет кодекси ("Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 31 декабрь, 52-(I)-сон)ниң 100-статьясы, Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017 жыл 29-декабрьдеги ПҚ-3454-санлы «Өзбекистан Республикасының бюджетиниң 2018-жылғы тийкарғы макроэкономикалық көрсеткишлери прогнозы ҳәм Мәмлекетлтк бюджет параметрлери ҳаққында»ғы қарары хәм Қаракалпакстан Республикасы Жоқарғы Кенесиниң 2017 жыл 30-декабрдеги 161/XIX-санлы сессия қарарының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде, 2018-жыл ушын Тақыятас районы жергиликли бюджетиниң дәрамат ҳәм қәрежетлери муғдары, айланба касса қәрежети муғдары ҳәм бюджетке тийисли басқа көрсеткишлерин қарап шығып, Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңеси

ҚАРАР ЕТЕДИ:

1. Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017 жыл 29-декабрьдеги ПҚ-3454-санлы «Өзбекистан Республикасының бюджетиниң 2018-жылғы тийкарғы макроэкономикалық көрсеткишлери прогнозы ҳәм Мәмлекетлтк бюджет параметрлери ҳаққында»ғы қарары хәм Қаракалпакстан Республикасы Жоқарғы Кенесиниң 2017 жыл 30-декабрдеги 161/XIX -санлы сессия қарарын орынлаў ушын басшылыққа алынсын.
2. Тақыятас районы жергиликли бюджетиниң 2018-жылғы дәрамат ҳәм қәрежетлер бөлегиниң тийкарғы көрсеткишлериниң күтилип атырған орынланыўы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.
3. Тақыятас районының 2018-жылға мөлшерленген жергиликли бюджетиниң дәраматлар бөлеги **1-қосымшаға**, қәрежетлер бойынша бөлеги **2-қосымшаға** муўапық тастыйықлансын.
4. Тақыятас районы Финанс бөлимине белгиленген тәртипте тийисли жергиликли бюджетлерге қәрежетлер ҳәм бюджет ссудалары (дәрамат ҳәм қәрежетлер арасындағы ўақтыншалық касса айырмашылықларды қаплаў ушын) ажыратыўда, олардың муғдарларын район бойынша барлық салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлердиң толық түсиўинен, сондай-ақ ис ҳақы (жеке социаллық төлем менен), напақалар ҳәм оларға теңлестирилген төлемлер бойынша бюджет қәрежетлери биринши нәўбетте сөзсиз қаржыландырылыўы зәрүрлигинен келип шыққан анықластырыў ҳуқықы берилсин.

5. Тақыятас районы хәкиминиң экономика хәм исбилерменлик мәселелери бойынша биринши орынбасары (А.Аманов) тийисли мәкеме басшылары менен биргеликте:

-бюджет дәраматларының тастыйықланған көрсеткишлериниң орынланыўын тәмийинлеў;

-аймақларда салық салыў базасын кеңейтиў хәмде финанслық жағдайын жақсылаў бойынша зәрүр иләжлар көриў;

-бюджет қаржыларының мақсетли жумсалыўы үстинен қатаң қадағалаў жүргизсин.

6. Районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы (С.Ерниязов) район жергиликли бюджетиниң дәраматлар бөлегин салық түрлери бойынша асырып барылыўын тәмийинлесин.

7. Тақыятас районлық Финанс бөлими (Ж.Сапаров)не:

бюджеттен қаржы алыўшылардың бюджеттен қаржы менен тәмийинлеўдиң тийкарлылығын терең анализ қылып барыў;

зәрүр жағдайда бюджет қаржыларынан сақланыўы тийкарсыз деп табылған хәм бюджет қаржыларының мақсетсиз жумсалыў жағдайлары пайда болған бюджет мекемелерин қысқарттырыў мәселелери бойынша район хәкимлигине хәм тийисли басқармаларға усыныс киритиў;

Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңесине жергиликли бюджеттиң орынланыўы бойынша хәр шеректе есабат киритип барыў;

район ғазнашылық бөлинбеси менен биргеликте бюджет қаржыларының мақсетли жумсалыўы хәмде олардың мақсетсиз жумсалыўының алдын алыў үстинен ғазнашылық орынланыўы дизими арқалы қатаң қадағалаўға алыў тапсырылсын.

8. Қарар районлық газетасында хәмде хәкимликтиң веб сайтында жәриялансын.

9. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңесиниң Жергиликли бюджет, экономикалық реформаларды әмелге асырыў хәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссиясына тапсырылсын.

10. Қарар рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Сессия басқарыўшысы: **Б.Юсупов**

Сессия хаткери: **Г.Таганбердиев**

Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңесиниң 2017 жыл 31-декабрь күнги 2-сессиясының 2/2-санлы қарарына 1-қосымша

2018 жыл ушын Тақыятас районы бойынша бюджет дәраматларының реже көрсеткишлери

	Дәрамат түрлери	мың. сум
	Жергиликли жами	**11 083,7**
1	Юридикалық тәреплерден алынатуғын пайда салығы	
2	Саўда ҳәм улыўма аўқатланыў кәрханалары ушын бирден бир салық төлеминен Мәмлекет бюджетине ажыратпалар	239,1
3	Бирден бир салық төлеминен Мәмлекет бюджетине ажыратпалар, сондай-ақ киши кәрхана ҳәм микрофирмалар бойынша	1 296,7
4	Физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы	2 621,5
5	Исбилерменлик пенен шуғылланатуғын юридикалық ҳәм физикалық тәреплерден алынатуғын қатаң белгиленген дәрамат салығы	896,2
6	Қосымша қун салығы	
7	Акциз салығы, жәми	
	Сондай-ақ:	
	- арақ	
	- коньяк	
	- басқа винолар	
8	Юридикалық тәреплерден мал-мүлкине салынатуғын салық	2 143,7
9	Юридикалық тәреплерден жер салынатуғын салық	1 319,2
10	Физикалық тәреплерден мал-мүлкине салынатуғын салық	837,7
11	Жер салығы (бирден бир жер салығынан тысқары)	1 296,2
12	Бирден бир жер салығы	248,0
13	Жер асты байлықларынан пайдаланғанлық ушын салық	
14	Суў ресурсларынан пайдаланғанлық ушын салық	
15	Жоқары дәраматтан алынатуғын салық	
16	Абаданластырыў ҳәм социаллық инфраструктураны раўажлантырыў салығы	
17	Мәмлекетлик бажы	
18	Жәриймалар	
19	ӨзР ИИМ Жол ҳәрекети қәўипсизлиги Бас басқармасы ҳәм оның аймақлық бөлинбелери тәрепинен өндирилетуғын жыйымлар	
20	Базарлар дәраматынан түсим	184,7
21	Жергиликли жыйымлар	0,6
22	Физикалық тәреплерден транспорт қураллары ушын бензин, дизель жанылғысы ҳәм газдан пайдаланғанлық ушын салық	
23	Басқа түсимлер	
ЖӘМИ		**11 083,7**
	Аймақлық бюджетке республика бюджетинен өткерилип берилетуғын дәрамат	
	Билимлендириў ҳәм ден саўлықты сақлаў мекемелерин сақлаў қәрежетлери ис ҳақы ҳәм бирден-бир социаллық толем	**38 449,8**
	Билимлендириў мекмелерин сақлаў қәрежетлери ис ҳақы ҳәм бирден-бир социаллық толем	28 074.6
	Ден саўлықты сақлаў мекемелерин сақлаў қәрежетлери ис ҳақы ҳәм бирден-бир социаллық толем	10 375,2
ҲӘММЕСИ		49 533,5

Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңесиниң 2017 жыл 31-декабрь күнги 2-сессиясының 2/2-санлы қарарына 2-қосымша

2018 жылғы тийкарғы көрсеткишлери

	Көрсеткишлер	Муғдары (мың сум)
	I. Қәрежетлер – жәми	**49 533 470,0**
1.	**Социаллық тараў ҳәм халықты социаллық қоллап-қуўатлаўға қәрежетлер- жәми**	**49 533 470,0**
	Сондай-ақ:	
1.1	Билимлендириў:	30 619 591,0
	- улыўма билим бериў	22 966 967,0
	- мектепке шекемги билимлендириў	5 987 190,0
	- мектептен тысқары билимлендириў	2 126 792,0
1.2	Ден саўлықты сақлаў	12 071 643,0
1.3	Мәденият ҳәм спорт, ғалаба хабар қураллары	1 334 067 ,0
	- мәденият ҳәм ғалаба хабар қураллары	165 516,0
	- спорт	1 168 551,0
1.4	Илим	
1.5	Социаллық тәминат	
1.6	Балалы шаңарақларға ҳәм кем тәминленген шаңарақларға напақалар	
1.7	Чернобыль апатшылығында қатнасқанларды социаллық қорғаў	
1.8	Мәмлекет сыйлықларын төлеў бойынша қәрежетлер	
1.9	Социаллық бийимлестириў орайлары	27 732,0
1.10	Ысытыў қазанханалары ҳәм коммунал хожалығының ысытыў системаларын капитал оңлаў	
1.11	Пуқараларға жеткизилген зыянларды каплаў	
2.	**Экономика қәрежетлери**	**2 815 204,0**
	Сондай-ақ:	
2.1	Аўыл хожалығы министрлиги шөлкемлери	209 071,0
2.2	Абаданластырыў	2 606 133,0
3.	**Орайластырылған инвестицияларды қаржылантырыўға қәрежетлер**	
4.	**Мәмлекетлик ҳәкимияти ҳәм басқарыў уйымларын сақлаў қәрежетлери**	**1 384 099,0**
	Сондай-ақ	
4.1	Мәмлекетлик ҳәкимияты органлары	
4.2	Мәмлекетлик басқарыў мәкемелери	1 384 099,0
5.	**Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларын сақлаў**	**790 704,0**
6.	**Ҳәкимлердиң заҳира қоры**	**490 430,0**
7.	**Сондай-ақ: "Бийимлестириў орайы" қәрежетлери**	
8.	**Басқа қәрежетлер**	**0,0**
	Сондай-ақ:	
8.1	Қарақалпақстан Республикасы бюджетинен қаржылантырылатуғын басқа мәкемелер ҳәм тәдбирлер	
8.2	Мийманларды қабыллаў уйи қәрежетлери	
8.3	Шет ел кредитлерын қаплаў	

Айланба касса қаржылары **516,0**